



Sa yo, se dokiman Dwa Fanm. P.O. Box 23505. Bklyn, NY 11202. 718-230-4027. F : 718-230-3194.

Kisa K Vyonans Domestik

Dokiman sa yo se Dwa Fanm ki devlope yo. Dwa Fanm.

Kisa abu ye, kisa k vyolans domestik la.

Vyonans domestik se yon fom kontwòl. Se lè yon moun ap fose yon lòt moun fè sa li pa vle fè. Pli souvan moun kap eseye kontwole a itilize fòs. E se yon atitud Kontinyel.

Abi kapab fizik, vebal, emosyonel, seksyèl, ekonomik ak spiritièl.

Abi fizik

Bouskile w, rale w, kenbe w nan gòg. Peze w si tèlman fè li kite mak sou po w. Kale w, brile w, souflete w, oubyen pouse w. Frape w ak yon bwa, cintiron, yon chodyè. Karotchou, itilize revolvè oswa kouto, oubyen ninpòt zam tranchan.

Abi vèbal

Joure w, fè w santi w wont tèt ou, fè w santi w imilye. Di w move mo. Rele sou ou, pale sevèr ak ou pou'l intimide w. Menase w.

Abi emosyonèl:

fe manti sou stati imigrasyon w
Bay fanmi w manti sou ou
Di w jouman sou Koulè po w, oubyen di w move mo sou ras ou
Desan ou devan pitit ou, oubyen devan fanmi w
Desan ou devan sipevisè lan travasy ou
Imilye w an piblik
Di w se kankou Meriken wap fè, se pa fanm Ayisyene ou ye
Menase w, di se li sèl ki kapab ba w rezidans

Abi Ekonomi

Fose w fè travay ki pa legal, kote polis ka arête w
Pwomèt ou lap rapòte travay wap fè a bay imigrasyon
Pa kite w al lekòl oubyen al apran yon bagay
Pran lajan w lan min w, e pa ba w kontwòl sou lajan menm
Fose w siyen papye bank, papye tribunal, papye imigrasyon angle, san ou pa konprann sa wap siyen.
Fe w pedi travay ou

Abi Seksyel

Rele w bouzen, oubyen salop
Akize w ke wap chache lòt gason
Akize w ke wap kouche ak lòt gason

Fè w sonje vye bagay ou te kon fè nan vi pase w, move sityasyon l te rankontre w,
oubyen lòt gason ki te lan vi w le w te lan peyi w
Di w ke la lwa bò icit, di se devwa w pou fè sèks ak li jiskaske ou divòse ak li

Itilize menas

Menase w lap rapòte w ba imigrasyon paske w pa genyen rezidans
Menase w li pap ba w ni pitit ou yo rezidans
Di w lap sispan demach pou li ba w rezidans, oubyen sispan demach pa timoun yo
Di w ke ou dwe l paske se li k ba w rezidans nan peyi isit

Manipile timoun yo oubyen fanmi w pou kontwole konpòtman w

Menase w lap espedye timoun yo Ayiti
Menase ou lap fè leta pran timoun ou yo lan men w
Menase w lap voye moun fè fanmi w mal Ayiti.
Joure fanmi w, zanmi w oubyen fè yo malonèt, derespekte yo
Pa kite w voye lajan pou fanmi w oubyen pitit ou kite Ayiti

Taktik entimidasyon oubyen presyon

Sere papye imigrasyon w (paspò w, paspò pitit ou, papye travay ou)
Detwi photo santimantal ke w genyen, oubyen kraze zafè w
Frape pòt fò, kraze chez, voye obje lan kay la voltije pou li efreye w

Izolman

Izole w de fanmi w ak zanmi w
Refize yo vin lan kay la vin we w, pa kite w al we yo
Izole w de moun legliz ou
Pa kite w pale angle lan kay la, oubyen pa vle w apran lang lan
Ouvri bwat-lèt ou e li lèt prive w san pemisyón w
Pa kite w itilize telefòn pou rele zanmi w
Kontwole le pou rive lakay, le w sot travay, sot lekòl, oubyen sot achte

Diminye empotans aksyon violans li fe w

Di w ke lan kay li, li genyen dwa bat ou paske se gason li ye
Di w si ou kite l, wap detwi fanmi an
Di w se fòt ou ki fe li bat ou, si ou fè respè w ou pap pran baton lan men li.

Lis pou idantifye konpòtman vyolan yon moun kap abize w

- Kalòt
- Kout pwen
- Ponyen
- Kout pye
- Kenbe nan kòlèt
- Bourad
- Jès ak dwèt
- Rale cheve
- Penchen
- Mòde
- Tòde ponyèt
- Itilize fòs pou antre an kontak seksyèl
- Itilize zam
- Kraze bagay nan kay la
- Pwente zam
- Bare wout pou pa sòti
- Fe move kout volan
- Leve vwa fò
- Frape mi kay la
- Frape men sou tab la
- Maltrete bêt
- Sezi klé machin
- Sere telefòn
- Klete moun pou l pa sòti
- Rele sou tèt
- Joure moun nan
- Itilize langaj gwosye
- Di betiz
- Leve vwa fò
- Kritike tout bagay moun nan fè
- Ba moun nan move non
- Moke moun nan
- Desann moun nan
- Ridikilize moun nan
- Akize moun nan
- Fè move jès devan moun nan
- Fe moun nan fòt
- Mesase moun nan
- Fè kout fil anomim
- Swiv moun nan nan lari

- Espyone moun nan
- Anmède Moun nan na travay
- Izole moun nan
- Enpoze moun nan pale ak zanmi l
- Enpoze moun nan pale ak fanmi l
- Kritike zanmi moun nan
- Kritike fanmi moun nan
- Fè jalouzi dwòl
- Fè move komantè
- Pa bay moun nan lajan pou l sipòte tet li
- Manipile timoun yo
- Fè zanmi moun nan vire do yo
- Anpeche moun nan kondwi
- Itilize sistem lajistis kont moun nan
- Depanse lajan nan dwòg ak alkòl
- Pran pòz ou konn tout bagay
- Se sèl chèf ki komande
- Sèl moun ki papab esplike konpotman
- Sèl moun ki kapab manipile lojik
- Bay manti
- Kache laverite ak enfòmasyon ki itil
- Pa ede ak timoun yo
- Pa fè travay nan kay la
- Pran reskonsabilitè
- Pa respekte pawòl
- Refizé bay sipò emosyonèl
- Pa montre santiman lanmou
- Antre ta chak jou
- Ret domi deyo san anons
- Refize mande ed, si fanmi an gen bezwen .

Avètisman fanm kon genyen avan yo menm rantre lan yon relasyon kote yo pral sibi abi fizik.

Majorite fanm kon bezwen prevwa ki kalite relasyon yo menm ak mari yo ap genyen apre yo marye. Yo bezwen prewa si gason an pral abize yo, bat yo, kontwòole yo, e fè yo soufri. Rechech ki fèt Zetazini jwen fanm kon gen avètisman minm avan yo fiancé ak yon moun. Se pou fanm pran prekosyon yo pou yo pa bay siy sa yo vag.

Rechèch revele yon lis konpòtman ke fanm kon idantifye menm avan yon gason rive abize yo. Se pou pa blyie, ou gen dwa pou chwazi yon lòt moun pou viv ak li. Ou gen dwa pou proteje tèt ou. Ou gen dwa pou viv san vyolans lan vi w.

-
- 1. Si gason an te kon bat madanm li oubyen menaj li te genyen avan w.**
Si se konsa bagay yo te ye, se pou pa koute gason an ki di w se ansyen madanm nan oubyen ansyen menaj la ki te kon provoke l, e fè l ba l kou. Yon gason ki bat fanm, lap bat ninpòt fanm lak li, depi w rete lan relasyon an. Gen de fwa zanmi, oubyen fanmi gason an kon revele si lan ansyen relasyon li, gason an te kon vyolan. Yo ka menm di w si l kon vyolan ak se li, manman li oubyen lòt fanm lan vi li. Genyen de sikontans kote yon ensidan ka rive e yon moun bay yon lòt yon sel kou. Lan sirkontans sa yo, sa pa toujou vle di gason an ap toujou aji konsa. Men si sa rive plis ke youn ou de fwa, li kapab rive ankò e vin pi mal. Min, si se bat li bat ou, oubyen kale'w minm, minmsi se yon fwa l te fè l, l'ap kale'w anko kanmèm.
 - 2. Si Gason an menase w.** Sa vle di ninpòt menas li fe lap souflete w, lap mete min lan goj ou, lan kolèt ou, lap kraze zo w, ou se yon fanm ki merite baton, l ap utilize fòs pou'l fe w pe djòl ou, lap touye w. Nimpòt menas vyolans se yon bagay serye. Se pa tout moun ki menase patnè yo, Men gen de fwa gason a ka bay eskiz e fè w konpran menas se yon bagay nomal e depi yo pa komet aksyon an pa gen pwobem. Men sa pap janm rete la. Yo gen pou fini pa komèt aksyon an.
 - 3. Kraze zafè w oubyen voye zafè w voltije lot bo.** Konpòtman sa yo se yon se kankou yon pinisyon, e kòm yon intimidasyon , lè l kraze yon objè ou renmin indirekman li fè w mal. Bwi a kon fè w pè, efreye w, intimide w. Moun nan kon bay tab la kout pwen oubyen bay mi an kout pwen devan w, voye chez voltije ki manke frape w. Se teworize lap terorize w. psikolog di, le yon moun gen konpòtman sa se anfantiyaj lap fè, men se yon anfantiyaj danjere pou li pini w e teworize w.
 - 4. Nimpòt fòs fizik pandan yon diskisyon.** Sa vle di si li rale w pa fòs, kimbe w pou pa bouje, mete min l sou bouch ou pou pa pale, peze bouch ou, lage w atè, pa kite w kite chanm lan, pa kite w manyen pòt la, pouse w.

Lè aksyon sa yo fèt, se komansman abi. Se yon prediksyon ke ou kapab kontinye soufri abi ak gason sa, epi abi a kapab vin pi rèd.

5. **Jalouzi dwòl.** Genyen fanm ki santi se yon flatery le yon gason fè jalouzi pou li. Men se pou pran prekosyon le gen jalouzi. Pa gade tout jalouzi kom lanmou. Gen jalouzi k pa lanmou, se yon siy gason an pa fè w ase konfyans, e li regade w kom yon pozesyon. Si li toujou ap pose w kesyon bezwen konen kote w soti, ak kiles ou pale, ak kiles ou te ye. Si li pa janm kwè w lè w di l verite. Si li akize w ke wap chèche lòt gason, san l pa gen rezon. Si li fache e li jalou le ou pase tan ak fanmi w, zanmi w oubyen di w pase twòp tan ak timoun yo, se yon siy. Jalouzi a kon fè l rele plizye fwa lan travay ou pou li toujou konen kote ou ye. Li kon paret sou w san anons. Li kon refize kite w jwen travay paske l pa vle w rankontre lòt gason. Li kon swiv ou, mande lòt moun swiv ou, oubyen siveye w pou li.
6. **Kontwole w.** Plis souvan, lan komansman relasyon an, gason an ililize taktik pou l kontwole w. Pou l gen kontwòl sou kote w ale, Li kon bay eskiz se pou byen w, li inkyè pou sekirite w, li pa ta vle anyen rive w, e se pwoteje l ap pwotege w ki fè l pa kite w al kèk kote. Li fe desizyon pou ou, li di w sa pou fè ak tan ou gen lan men w, di w kijan pou w abiye, oubyen kijan pou pale. Li kon fache si ou rive lakay ou minm di minit an reta. Si l tap rele lan telefòn e ou pat la, li ba w pwoblem. Li kontwole le w rantré lakay ou, le w sot achte, sot lekol. Li kontwole lajan w, pran lajan lan men w, se li pou ba w lajan si w bezwen e li mande w sa w pral fe ak lajan. Se li ki pou ba ou pemisyon kite kay la. Li kon ouvri bwat lèt ou, li lèt ou san pemisyon w.
7. **Li vle pou parfè.** Li met presyon sou ou, ke se pou tout aksyon w paret parfè. Kom madam li se pou parfè, kom manaj li se pou parfè, kom manman pitit li se pou parfè. Li kon di w si w rinmin l, w ap fè si, w ap fè sa, san l pa konsidere sa ou minm ou ta vle fè. Li kon di w si w rinmin l se mwen sèlman ou bezwin lan vi w. Li fè w konpran se pou okipe yo avan ou okipe tèt pa w lan tout bagay. Yo fè w konpran se pou sakrifye tèt ou pou yo.
8. **Izoman.** Li kon refize w sòt lan kay la, oubyen kite moun legliz, zanmi, fanmi vin wè w. Li kritike tout zanmi w genyen. Li pa vle w gen zanmi k gason, san l pa gen rezon. Li kon pran kle kay la oubyen kle machin nan pou pa soti. Li kon maltrete moun depi yo vin wè w, fè yo malonèt le yo rele w lan telefòn. Li kon refize w al lekòl pou apran yon metye, refize w al travay, pou se sou li sèlman ou depan.
9. **Pa janm pran responsabilite pou pwoblèm li geyen.** Si l pap travay, se pa janm fòt li, se toujou vye peyi sa, se toujou amplwaye ki revoke l la minmsi se kizyem fwa yo revoke l lan w travay. Si l fè yon erè, li pap admèt li pat bon, se lòt moun sèlman k pa bon. Si l fè w mal, se fòt ou, se ou k pat fè respè w. Se toujou oumenm li fè fòt, li pa janm fè anyen mal li menm.

10. **Li kon fè bêt lan kay la mal oubyen fè ti moun yo mal.** Si w gen yon ti chat oubyen yon chyen, li ba yo kout pye, li pa okipe'l si yap soufri. Li pa sansib pou yo. Yo kon fè timoun mechanste, minmsi se yon bebe oubyen yon timoun ki gen dezan sèlman, yo fè l fòt si l fè w bagay ki nomal pou yon timoun laj li, kankou si timoun nan pipi lan kouchèt li, si lap krye twòp, li bat timoun nan pou sa, oubyen di yo gro mo.
11. **Si li itilize mo gwosye lè nap fè lanmou lè ou minm ou pa dakò e sa pa fè w plezi.** Si li fè kankou se kadejak l ap fè w, pran w pa fòs san w pa dakò. Si li pandan wap fè lanmou li ba w vag minmsi l ap fè w mal. Si l ba w kou oubyen mode w san w pa dakò pandan wap fè lanmou. Si li ap met presyon sou ou pou fè lanmou ak li minm lè w malad, oubyen ou twò fatige. Pa blye, kadejak minm lan maryaj se yon krim ki merite prizon isit Zetazini.
12. **Si l gen abitid pale fanm mal.** Gason ki bat fanm konsidere fanm kom inferyè. Si li trete fanm kankou yo inferyè. Yo youn pa bon. Se gason sèlman k bon. Li aji kankou fanm sou tè a pou sevi gason, se pou fanm obeyi gason lan tout bagay. Li trete fanm oubyen pitit fi kankou li pa gen lespri, li pa gen la pawòl, li pa gen pouvwa, li pap anyen, se yon siy.
13. **Si li itilize mo fanm nan kòm jouman kont oumenm oubyen lòt fanm.** Lap di w de mo grosye sou fanm. Joure w paske se fanm ou ye. Desan tout bagay ou fè kòm fanm. Nimpòt ere w fè, se paske se fanm ou ye, se fanm sèlman k fè bagay sa yo. Oubyen diminye tout bagay ou akonpli. Di w nyèz, stupid, ou pat ap anyen san li kòm gason, ou initil.
14. **Si l ap fòse w marye vit minmsi w pa pare.** Rechèch jwen ke vas majorite fanm ke mari yo gen abitid bat yo pat minm fè si moi ak gason an avan yo marye, vin fyance oubyen komanse abite lan kay ansanm. Se paske gen fwa gason an ki gen pesonalite vyolan sa yo, yo kon bezwen prese marye. Se pou l ka akonpli kontwòl la sou ou nèt, paske apre mariaj li konpran li gen tout dwa sou ou. Kom fanm, se pou nou pran prekosyon, e pran tan nou avan nou kouri fè yon maryaj kote moun nan pral fè w soufri e fè epi regrett ou te marye ak li.

Ou gen dwa w pou planfyе yon vi ki san vyolans ladan. Ou gen dwa pou chwazi e pou chanje lide w pa rete ak yon moun kap maltrete w. Ou gen dwa gen jwa lan vi w.

Nan pwoblèm vyolans domestik la gen anpil move enfomasyon ki bezwen eklèsisman. Men verite a.

Sa yo, se dokiman Dwa Fanm. P.O. Box 23505. Bklyn, NY 11202. 718-230-4027. F : 718-230-3194.

Se yon reyalite gason ayisyen abize madanm yo, men li difisil pou nou pale sou sa. Abi fizik fèt nan tout kominote e kominote ayisien nou an ladan l tou. Dapre rechèch F.B.I. fè yo jwenn nan peyi isit se chak douzz segond gen yon gason ki fè vyolans sou fanm.

#1

Moun di: Vyolans domestik se moun pòv, moun san edikasyon, ak moun ki te viv egzanz sa a nan fanmi yo ki vin kontinye ak move abitid sa a. Sa pa rive nan gran fanmi.

Verite:

Genyen dòkte, pastè, psikològ, pwofesè ak lòt pwofesyonel ki bat madanm yo. Abi fizik pa gen baryè moun rich, moun po klè, moun ak edikasyon, oubyen moun gran fanmi. Rechèch prouve mwatye moun ki nan menaj a de fè eksperyans abi fizik.

#2

Moun di Abi fizik pa serye, se kon tapaj ak eskandal yon koup fè yon bon Samedi swa, pou tout katye a pa kapab dòmi.

Verite:

Vyolans domestik se yon pwobleme ki serye anpil. Vyolans domestik, se yon patnè k ap bat yon lòt, k ap entimide yon lòt, k ap terorize yon lot. Se pa tapaj, se pa eskandal, se pa de moun k ap goumen ansanb nan yon match egal. Se yon moun ki gen fòs k ap domine e k ap kontwole yon lòt.

#3

Moun di Abi fizik se yon pwoblèm ni gason ni fanm kapab rankontre. Fanm fè vyolans menm jan kont gason.

Verite:

Nan 95% ka yo rapòte, se toujou gason an k ap fè vyolans lan, se pa fanm lan. E se pa tout fanm ki rapòte vyolans yo sibi. Bagay sa a jennen anpil moun. Men se yon verite tout bon, menmsi nou pa alèz ak li. Nou pa kapab konpare vyolans fanm fè ak pa gason, paske nou konnen fòs fizik gason ak fòs fizik pa fanm pa menm. Pou nou dechouke vyolans, se pou nou fouye chèche jwenn rezon ki fe gason pi vyolan pase fanm. Se pou nou zanminen, etidye istwa kilti nou ak tradisyon nou ki fè nou bay gason dwa bat fanm.

60% fanm pran kou nan men gason pandan yo ansent. Gason bat madanm ansent nan vant. Gason an konn fè plan alavans ki jan li pral bat yon fanm. Epi bat la long, gen de fwa.

#4

Moun di Lè genyen vyolans nan yon fanmi, tout manm nan fanmiy lan rèsponsab. Se pou tout moun fè sa yo kapab pou yo pote chanjman, pou vyolans lan ka sispann.

- Verite:** Se moun nan k ap sibi a sèl ki ka chanje sitiyasyon an e fè vyolans lan sispann. Anpil fanm ki pran baton eseye plizyè fwa pou yo chanje tèt yo ak espwa y a sispann pran kou. Men sa pa janm mache.
- #5**
- Moun di** Se moun fou sèlman ki bat madanm yo
- Verite:** pousantaj moun fou ki bat madanm pa anpil. Pi fò moun ki bat fanm, se moun tèt drèt. Yo konn byen dou, senpatik, lojik, men yo itilize fos ak entimidasyon pou kontwole patnè yo. Bat madanm, se yon chwa moun nan fè.
- #6**
- Moun di** Vyolans domestik se yon bagay ki rive yon lè konsa.
- Verite:** Se pa vre. Lè yon gason bat madanm li, s on abitid menm ki konsa. Se laterè menm l ap simen. E sa ap gen pou vin pi mal jou an jou. Abi fèt tout jan: menas, chantaj, entimidasyon, sezi lajan, pa pataje lajan, abi psikologik, kadejak e ka gen lòt nou pa konnen. Abi fizik s on taktik pou desounen yon fanm. Moun ki fè rechèch, dekouvri teoris itilize menm taktik sa yo sou fanm pou kontwole yo.
- #7**
- Moun di** Fanm mari yo bat yo, toujou rete lan sitiyasyon an
- Verite:** Gen fanm ki jwenn fòs kite mari oswa menaj ki bat yo. Yo debat ak pwoblèm yo trè byen, e yo jwenn sikse. Preske tout fanm yo bat eseye kite menm yon fwa. Men li pa fasil.
- #8**
- Moun di** Si yon fanm bezwen kite sitiyasyon an, li kapab fasil pou li jwen èd lan legliz li, lan men pastè a
- Verite:** Gen pastè ak prêt ki bay fanm legliz anpil sipò, men gen lòt pastè ak prêt ki sipòtou mari ki bat madanm yo. Yo vag sou pwoblem fanm lan prezante devan yo a, e yo itilize pawòl labib la pou fe fanm lan rete ak mari l nan sitiyasyon an.
- #9**
- Moun di** Kominote Ayisyen an toujou bay gason an responsab aksyon vyolans li.
- Verite:** Majorite moun se fanm nan yo bay tò, se fanm nan yo fe responsab pou aksyon vyolans kont li menm. Se li yo di ki pou chanje, ki pou aji yon jan pou gason an pa bat li. Moun fè devinèt pa yo sou sa k fè li pa kite mari l. Men se ra yo bay gason an responsab vyolans li, se ra y al reflechi sou sa k fè gason an vyolan konsa kont madanm nan, se ra yo chèche repons sa k fè kominote a aksepte vyolans fanm soufri nan men mari yo.
- #10**

Moun di	Se tafya ki fè mari bat madanm yo
Verite:	Gason ki bat madam yo itilize tafya kòm yon eskiz; yo di yo pèdi kontwol, donk yo mete responsablite aksyon yo sou tafya. Se vre tafya jwe yon ròl nan 50% ka kote gason bat madanm yo, men se pa twòp tafya ki fè yon mari bat madanm li. Si mari a deside pa janm bwè tafya ankò, sa pap fè l sispan bat madanm li. Genyen mari ki bwè anpil tafya e ki pa janm leve men sou ni madanm, ni pitit yo.
#11	
Moun di	Se presyon ak tansyon ki kòz mari bat madanm yo
Verite:	Genyen gason ki anba presyon ak tansyon, men yo pa janm leve men sou madanm yo le yo rive lakay. Gason ki bat madanm yo, lè yo gen presyon yo pa bat lòt moun nan travay yo oswa lòt gason parey yo.
#12	
Moun di	Gason ki bat madanm yo, se paske yo pèdi kontwol tèt yo.
Verite:	Byen souvan, gason ki bat madanm yo, pa bat lòt gran moun parey yo. Sa vle di yo gen kontwol tèt yo ase pou yo pa bat lòt moun ki kapab reyagi sou menm nivo ak yo. Pi fò tan, gason bay madanm yo kou nan pati kò yo kote moun pap wè mak la. Sa vle di yo gen kontwol sou sa yap fè a .
#13	
Moun di	Gason ki vyole fanm se etranje yo ye
Verite:	Youn nan chak 7 fanm fè eksperyans mari yo vyole yo. 60% fanm mari yo bat yo soufri eksperyans kadejak nan mariaj la. Abi seksyel la konn fèt lè yon mari fòse madanm li fè dezòd ak li devan ti moun yo, fòse fanm lan fè lanmou ak bèt, oubyen ak yon lòt moun, ak yon gwooup moun, oubyen fè fanm fè pwostitisyon.
#14	
Moun di	Gason ki bat madanm yo kapab bon papa, e yo sipoze kapab kite timoun ak yo si yo divòse.
Verite:	Preske 70% mari ki bat madanm yo fè pitit sibi vyolans tou oswa kadejak. Tout timoun soufri lè yo wè papa yo ap bat manman yo.
#15	
Moun di	Si yon fanm ta vle kite mari li, li fasil pou li pran zafe l epi kite kay la.
Verite:	Fanm ki eseye kite yon mari abizè konfronte ampil pwoblem. Mari a konn menase fanm li si l kite l ap fè l plis abi oubyen l ap touye l. An plis, si yo te viv anba kontwol yon gason, yo kon pa genyen yon travay kap tann yo, yo konn pat gen tan pandan yo nan relasyon an pou yo t al lekol, donk yo pa ka fè travay ki mande konesans.

Sosyete a tou pa bay fanm ase sipò pou timoun yo, sa fè li difisil pou yon fanm kite sitiyasyon abi a.

Sa yo, se dokiman Dwa Fanm. P.O. Box 23505. Bklyn, NY 11202. 718-230-4027. F : 718-230-3194.

Sak Fè Fanm Rete Lan Sitiyasyon Kote Yo Ap Soufri Abi

Ampil moun toujou ap poze tèt yo kesyon sa, ki rezon ki fè fanm yo rete lan yon relasyon kote mari yo ap bat yo.

Le Fanm nan resi deside pou li kite relasyon se apre li simonte ampil baryè

Li kon depandan sou mari a pou sipò ekonomik

Li kon pè pou l pa mete tèt li ak timoun yo lan pi gran dange toujou si l eseye sauve

Li kon pè pou ti moun pa soufri si lipa genyen papa lan kay la.

Li kon pa genyen kote pou l ale.

Li kon deja pap travay

Li kon pa kon kalifye pou okin travay bo isit

Li izole paske fanmi li, zanmi li abandone l, pa ba l sipò lan sitiyasyon an.

Li kon pa genyen ase enfomasyon, konnen ki lòt chwa li genyen

Genyen fanm ki pa kite paske kilti a oubyen religyon di se pou rete ak mari ou minmsi l bat ou.

Genyen fanm ki pè ke mari l ap jwen li e ap reaji ak plis vvolans si yo kite.

Genyen fanm ke mari yo menase lap tiye yo si yo kite l.

Fann kon pa kite paske yo pè rete e viv poukонт yo

Li pa genyen sekirite konenn li ap gen fanmi ak zanmi kap sipote li, resevwa li.

Li kon santi li koupab ke mariaj la pa mache

Li kon pran pitye pou patnè a e konvink tèt li mari a vreman pa kab viv san li

Li kon di tèt li ke bagay yo va chanje si li kembe fèm

Li pa genyen Kouraj pou fè gro chanjeman lan vi l ak vi ti moun yo.

Li vin apran e aksepte ke pa gen anyin li kab fè pou retire tet li lan sitiyasyon an

Li vin depandan sou gason an nèt , e fè tèt li kwè li pap ka viv san gason an

Vyolans Doméstik Pa Gen Baryè

Sa yo, se dokiman Dwa Fanm. P.O. Box 23505. Bklyn, NY 11202. 718-230-4027. F : 718-230-3194.

Nenpòt moun kapab viktим vyolans domestik. Li kapab rich, pòv, granmoun, jenn moun, marye, plase, blan, nwa, asyatik, panyòl, endyen, ameriken, pwofesyonel, atis, moun ki pap travay, moun ki pa konn li, oubyen entelektyèl. Vyolans domestik travese tout baryè sosyal, ekonomik, rasyal, relije, politik, e kiltirèl. Malgre gen gason ki sibi vyolans domestik, nan majorite ka yo fanm yo sibi plis.

Fanm imigran yo gen pwoblèm legal, sosyal ak ekonomik. Fanm sa yo konn abize plis paske yo konn soti nan yon kilti ki aksepte vyolans domestik e yo gen mwens aksè a sevis sosyal yo. Gen de lè tou, gason kap fè yo abi a, kon panse lwa isit pa aplike pou yo an tan imigran.

Yon fanm ki sibi abi men ki pa gen rezidans oubyen ki ap tann rezidans li nan men mari l konn pè kite kay la oubyen chache èd legal yo. Fanm nan konn pè, swa pase nan peyi l li te gen move eksperyans ak systèm legal la oubyen li pè pou yo pa depòte l. Anpil fwa tou, fanm nan konn pa fò nan lang Ange la e l pa vlé moun ki palé menm lang ak li a konfyans. Gen de fanm ki panse yo pap kapab eslike yon jij kijan yo sibi abi e anpil fwa Gason ki fè yo abi a konn mete lide sa nan tèt yo, li kon fè fanm nan konpran si l ale lajistis yo ka depòte l, oubyen li pap jwenn rezidans la ankò si li kite kay la. È, si tout fwa fanm nan ta eseye kite kay la, li konn pa ka jwenn bon jan asistans pou ede l nan sitiyasyon tèt chaje a.

Genyen fanm, menm si yo ta vle soti nan relasyon ki vyolan, yo pa kapab paske yo gen pwoblèm ekonomik. Anpil imigran pa vle pran asistans sosyal e mari yo oubyen menaj yo a konn fè yo pèdi travay yo. Yo kon rele travay fanm nan pou fè yo revoke l. Yo konn fe fòs akizasyon sou fanm nan.

Si genyen yon moun ki fè ou abi fizik, e ou pè pale paske se yon fanm imigran, rele Ayisyen Kont Vyolans Nan Kay. Tout èd ou resevoi konfidensyal. La lwa peyi isit pwoteje vi prive w, pou publik pa pale zafè w.

PLAN POU SEKIRITE PESONÈL

Sa yo, se dokiman Dwa Famm. P.O. Box 23505. Bklyn, NY 11202. 718-230-4027. F : 718-230-3194.

Kwak mwen pa gen kontwòl sou sa patnè mwen kapab fè , mwen pa kapab toujou prevwa yon gwo ensidan. Men mwen gen chwa kouman m ap reponn, mwen kapab Mennen demach ak fè tout sa ki nan lis sa a pou kenbe tèt mwen ak pitit mwen yo an sekirite.

Mwen toujou pare si m bezwen kite

Si mwen deside kite m ap _____ (praktike kouman kite san danje. Ki pt, ki fenèt, ki eskalye, ki asansè mwen kapab itilize?)

Mwen kapab mete bous mwen ak kle machinn mwen tou prè, depoze yo
_____ Pou li fasil poum pran yo epi kapab kite vit.

Nap kite lajan ak lòt kle ak _____ konsa map kapab kite.

Nap sere kopi dokiman ki enpotan oubyen kopi kle yo nan

Si mwen kite kay la, mwen prale _____. Si mwen pa kapab ale kote sa, mwen prale _____

Nimero telefòn pou pwogram kont vyalans nan kay se

Yon lòt nimero se _____. Mwen kapab rele yo si mwen bezwen yon kote pou m kache.

Si pa gen sekirite pou m pale lib, map itililize _____ kankou yon mo sekrè poum siyale timoun mwen yo nou pral ale oubyen fanmi m oubyen zanmi nou pral vini.

Mwen kapab mande èd

Mwen kapab di _____ ke map pase misè, yon moun ap fè m abi. Mwen kapab mande yo rele lapolis si yo tande eskandal nan kay mwen.

Mwen kapab montre timoun mwen yo kouman pou itilize telefon pou kontakte lapolis ak ponpye. Map asire m yo konnin adrès yo tou.

Si mwen genyen yon telefon ak pwogram, map anrejistre nimoro ijans ladan. Map montre timoun mwen yo kouman pou yo itilize nimero telefon sa yo.

Map itilize _____ kankou yon mo sekrè k ap vle di pou timoun mwen yo oubyen zanmi m kouri al mande yon moun vin ede m.

Mwen kapab itilize jijman pam

Lè mwen sispèk mwen menm ak patnè mwen pral gen diskisyon, map eseye rete lan yon chanm lan kay la ki pa gen zam kankou _____. Map eseye evite diskisyon lan twalèt la kote l ka brile m ak glo cho oswa nwaye m, nan depo a kote gen zouti l ka frape m ak yo, nan kizinn nan kote gen kouto li ka pike m ak yo. Retire kom lan chanm ki pa gen pot ki bay sou deyò.

Map itilize jijan m ak presantiman m. Si sitiyasyon an ap agrave, map bay patnè m nan sal vle ya ak eseye kalme li. Mwen dwe pwoteje tèt mwen jouk ni mwen, ni timoun yo pa an danje.

Mwen kapab monte pitit mwen yo anpil lan estrateji sa yo ki kap kimbe yo an sekirete.

Planifikasyon pou kite

Map rele pwogram vyolans domestik epi mande yo pou yo ede m nan plan mwen yo. Nimero telefon nan se _____

Map kite lajan m, rès kle m ak _____ konsa m ap kapab kite byen vit.

Map kite rad ak _____

Map sere nimero inpotan epi modifye apèl yo tout tan. Mwen konnen patnè m kapab dekovri ak kilès mwen pale, lan bil telefon yo, si m pale ak avoka, ak yon pwogram ki ede fanm ki viktим vyolans. Map wè si m kapab itilize telefòn zanmi yo oubyen kat kredi lan telefòn piblik.

Map verifye ak _____ oswa _____ si yo kapab kite mwen abite ak yo oubyen prete m lajan.

Mwen kapab ranfòse endepandans mwen le mwen ouvri yon kont labank ak posede yo kat dredi sou pwòp non mwen, swiv klas oswa genyen enfomasyon pou m jwen travay epi fe pwòp lajan m. Mwen kapab pran kopi tout kopi papye enpòtan ak dokiman mwen kapab bezwen epi kite yo sou mwen, lan pòch mwen lan bous mwen.

Lot bagay mwen kapab fè pou ranfòse indepandans mwen e si m kapab fe sa ak tout ti moun mwen yo.

Mwen kapab pratike plan pou m chape poul mwen e si m kapab fe sa ak tout timoun yo.

Nap ranplase pòt bwa yo ak pot an fè.

Nap enstale system sekirite ak lot seri pòt, bloke fenèt yo, poto pou sere pot yo ak yon systèm elektwonik ki bay limyè.

Map achte nechèl ki fè an kòd, kap sevi fou m pase pa fenèt yo rive nan lari.

Map instale systèm kap aveti m si gen lafimin akòz dife lan chak etaj kay mwen.

Map montre timoun yo kouman pou yo itilize telefon san yo pa bezwen peye pou yo rele m si yo pa santi yo ansekirite.

Mwen kapab di ki moun ki pou pran swen timoun mwen yo ak kiles ki gen otorizasyon pou pran yo epi ma p asire timoun yo konnen kouman pou yo rekonnèt moun sa yo.

Map bay moun ki pral pran swen timoun mwen yo kopi “Order of Protection”, lot papye lajistik ki di se mwen k gen tout dwa sou timoun yo, epi lot nimo dijans kote yo kapab toujou telephone m.

Lan travay mwen oswa an piblik

Mwen kapab infòme patron m, gad sekirite lan travay mwen oswa lot moun ki lan travay ave m yo sitiyasyon m. Si gen konseye lan pwogram asirans travay la, nimo a se _____

Mwen kapab fe _____ pran tout kout fil mwen pou mwen

Chak jou le m ap kite travay mwen mwen kapab
_____ pou m pwoteje tet mwen.

Le m ap pran bus oswa tren pou m ale vini lan travay, si gen pwoblem mwen kapab _____

Mwen kapab rout mwen fè lè m pral achte, al lan bank, al ka doktè, epi
tout kote
m konnin patne m ka jwen mwen.

Mwen kapab di _____ ak
mwen menm ak patnè m nan pa ansanm ankò, epi
mande yo telefone lapolis si yo wè m oswa pitit men yo an danje.

Avek yon Lòd lajistis pase

Mwen kapab mete papye “Order of Protection” nan lan

Mwen kapab bay lapolis lan tout zòn kote m kon ale we fanmi m ak zanmi m yon kopi dokiman sa.

Mwen kapab bay patron m, legliz mwen, konseye m, bon zanmi m, lekòl timoun yo Mwen kapab bay _____ yon kopi tou.

Si patnè m nan jwen dokiman an epi detwi l, m ap kapab toujou mande lajistis ban m yon lòt.

Si patnè m nan fè sa k kont lòd lajistis pase l, m ap rele lapolis epi repote l, m ap rele avoka m oswa lajistis/kot la pou yo ede m.

Mwen kapab rele yon pwogram ki ede fanm ki viktim vyolans domestik, epi pose yo kesyon sou kijan m ka fè mari m respekte lòd lajistis pase lan dokiman “Order of Protection” nan.

Min kisa m ap pran le m kite

Lajan

Kat bank

Kat Kredi

Kle kay la, kle biwo w, kle machin

Lisans machin ak dokiman w anrejistre machin nan

Papye asirans

Papye lekòl ak dokiman vaksinasyon timoun yo

Tout medikaman w

Papye travay

Kat rezidans pa w ak pa timoun yo

Paspò w ak pa timoun yo

Bagay ke w kapab van, kankou bijou

Liv adrès ak liv kote w gen nimero telefòn moun

Foto santimantal ou

Jwèt timoun yo

Kopi yon papye, “Order of Protection” oubyen ninpot papye lapolis, lajistis.

Papye imigrasyon kankou I-94, aplikasyon viza.

Kopy sosyal li, kopi papye citizen li.

Papye divòs si w te marye avan, papye divòs mari w si l te marye avan ak yon Lòt moun. Papye k bay prèv ou te viv nan kay ak mari w Zetazini.

Lease kay la, papye lwaye, bil gas oswa bil elektrisite.
Tout lòt papye w kwè k ka impotan pou ka w.

Pou m pwoteje sante emosyonèl mwen

Si m pa santi m byen, mwen santi depresyon, chagren oubyen m sonje patnè m
mwen kapab telefòn _____ pou yo ede m kembe fèm.

Mwen kapab pran swen tèt mwen, epi al wè doktè m, pou l cheke m, al we
jinekolog, pou l cheke m, al we dantis pou l cheke m. Si m pa gen doktè map rele

Pou yo ede m jwen youn.

Si m santi m anvi tounen ak patnè k tap bat mwen an, mwen kapab telefòn
_____. Mwen kapab al lakay _____,
pase w ti tan ak moun sa a, avan m fè desizyon m ka regrett.

Map sonje tout bon kalite m genyen epi chak jou map di tèt mwen sa yo ye.
Se

Mwen kapab al lan gwoup sipò, pran klas ki fèt lan pwogram ki ede fanm ki
siviv vyolans domestik.

Pou m ka gen moun ki sipote m

Si m al lan yon fèt oswa lan bal, se pou m ale ak moun ki pran ka m, moun
mwen fè konfyans, epi k ap pwoteje m, paske si m bwè twop alkol li ka fasil pou
ansyen patnè m fè m mal.

Sa m ka fè ankò pou m bay tèt mwen fòs epi pwoteje tèt mwen. Se pou m sonje.

Pa gen fanm ki gen kontwòl sou vyolans patnè l fè kont li, min gen sa yo ka fè pou
redwi risk yo kouri lè yo soti lan relasyon an. Plan Sekirite sa a se pou ede fanm
ki viktim oswa siviv vyolans domestik pou yo fè chwa epi planyfyé pwop plan pa
yo pou sekirite yo, ede yo panse sou sa y ap fè si vi yo an danje.

Sonje w kapab fè prop plan pa w. Ou kapab retire epi ajoute sa w vle, s ak pi bon
pou ou. Se pou fè chanjman lan plan w lè gen chanjeman lan vi w.

Si w pa gen kote w kapab kite plan sekirite a pou patnè w pa jwen li, ou kapab
mande yon zanmi lakay li, oswa mande pwogram ki ede fanm ki siviv vyolans
sere plan an pou ou. Minmsi ou pa gen yon plan k ekri sou papye, ou kapab gen
youn nan tèt ou.

**AKSYON NOUMENM LAN KOMINOTE AYISYEN AN NOU
KAPAB PRAN KONT VYOLANS DOMESTIK**

Dokiman sa baze I sou infòmasyon ke NOW legal Defense and Education Fund ba nou

Sa se yon lis aksyon nou menm Ayisyen lan kominotea kapab pran pou fè prevansyon nan ka vyolans kont fanm, oswa vyolans domestik.

Si w konnen yon fanm y ap bat, oswa y ap maltrete l:

- Sonje pa gen fanm ki rimnin baton. Si yon moun di sa, se paske yo pa konpran konplikasyon ki genyen lan koze vyolans domestik la.
- Se pou kwè fanm lan lè'l pale w de abi a, epi pa al pale zafè'l lan lari, pa fè tripotaj sou li.
- Di li se pa fòt li yon moun ap abize'l, ap ba'l kou, ap maltrete'l. Di li se pa li ki reskonsab aksyon vyolans kont li, e minm jan ak tout lòt fanm, li pa merite yon moun bat li.
- Fè efò, pran yon ti tan, pale ak madanm nan outbyen matmwazèl la an prive. Si ou ta wè mak sou po'l, mande'l sa'l genyen. Kite'l konnin kòm fanm parèy li, oubyen kòm yon gason ki pa dakò lòt gason ap fè bagay lèd sa, ou pran ka li, ou inkye pou li, e ou la pou ba'l sipò.
- Ba'l èd pou li planifye pou sekirite pa'l ak pa timoun yo. Se kapabb oumenm ki sove la vi 'l.
- Rekonèt epi respekte li kapab ap soufri, li kapab gen rankin lan kè'l akòz sityasyon an, Li kapab byen pè pou 'l pa pèdi lavi l, ki fè li pakab kite, li kapab byen ront sityasyon li, Epi tou, li kapab byen rinmin mari l, ki kòz li pran lan yon pièj ki difisil pou'l sot ladan.
- Si ou tandé bwi kay vwazin, e ou sispek se yon fanm yap bat, se pou rele 911. Si ou pa rele pou repote krim sa, se kankou w ap ede yon kriminel komèt aksyon li.
- Lè yon moun ap defan asksyon yon gason ki abize fanm, se pou kanpe pou fanm ki viktim gason sa yo epi di ou pa dakò.
- Bay yon fanm ki viktim infòmasyon ki kapab edike l sou koze vyolans domestik la, epwi ba l nimero telefòn ki la pou viktim vyolans domestik.
- Si ou se fanmi, oubyen yon zanmi yon viktim, ofri'l pou ede l siviv, paske ampil fanm mouri akòz vyolans domestik. (4 fanm chak jou). Ou kapab ofri'l yon chanm lakay ou si sa posib, ofri'l sere papye impòtan, lajan lakay ou. Konseye l prepare yon mallèt ak zafè l, zafè pitit yo, epi sere l lakay ou pou lè l bezwin.
- Ede'l idantifye yon code. Yon mo sekre li kapab rele w li di w, sèlman ou menm ak li k konpran mo sa vle di w il an danje, e rele la polis pou li.

Si ou konnen yon moun ki kon bat oubyen maltrete fanm:

- Si se oumenm ki kon maltrete fanm, e ou se yon gason vyolan, se pou sispann kopòtman sa kounye a, pa gen rezon sou la tè pou yon gason bat yon fanm. Chache yon moun oubyen yon agens ki kapab ede w ak pwòblem sa.
- Si ou konnen yon moun ki gen move konpòtman kont fanm, se pou toujou interomp lè yap pale mal ak yon fanm , e pa mete tèt ou an danje, sèlman si ou kapab se pou interonp aksyon vyolans kont fanm. Minmsi se yon rèl selman ou fè.
- Rele lapolis si ou pakab rantre lan yon goumin kote yon gason ap bat yon fanm. Ou kapab sove la vi l.
- Se pou kite gason ki gen move konpòtman sa yo konnen vyolans domestik se yon krim, ke polis kapab arete yo, e yo kapab pran prizon, e yo kapab depote yo.
- Si gen yon gason kap defan aksyon l, e l ap fè fanm nan fòt, di se fanm lan ki pa bon, ki fè l bat li, fanm lan merite baton, ouswa rinmin baton an. Se pou di li se li selman ki reskonsab aksyon li fè kont yon moun. Pa kite gason k bat fanm fè viktим lan fòt, pa kite yo minimize krim lan, oubyen soufrans fanm lan.
- Si ou pa rinmin le yon moun ke l gason ke l se yon fanm kap bay blag sou fanm yo bat, se pou di moun nan sa.
- Se pou pale ak gason lan fanmi w oubyen fanmi w ki bat madanm yo. Di yo ou pa aksepte aksyon yo, e sa y ap fè a pa bon, ke se vi yon moun ak diyite l ap detwi. Di li ke l kapab chwazi pa maltrete madanm li.
- Pa bay yon gason ki bat madanm li infomasyon ke madanm lan ba w, oubyen repeste sa fanm nan di w ba yo. Ou kapab mete vi fanm nan an danje.
- Pa defan gason k bat madanm li devan la polis, devan avoka, oubyen devan lajistik. Se pou sipote viktим lan.
- Si ou se patron yon gason, epi ou dekouvre li kon bat madanm li, se pou ede lapolis, oubyen lajistik pou yo jwen mari a, sitou lan koze “Order of Protection” oubyen si li sipoze parèt lan devan lajistik poutèt aksyon vyolans li. L ap pi bon pou w ni pou li, paske lapolis kapab vin lan biwo lan menm pou yo arête l. Se nou tou le de kap amba.
- Pa izole fanm ki viktим vyolans domestik epi pou pran ka moun kap fè l abi a.
- Se pou kampe fèm kont vyolans domestik, pa ront di sa w panse kont vyolans domestik, e kont moun ki maltrete madanm yo devan zanmi w.

Li impotan tou pou ede shèltè, refij, ak pwogram ki la pou sipòte fanm ki viktим oubyen ki suviv vyolans domestik e ki chape ak pitit yo.

- Ou kapab bay organizasyon kap sèvi viktим sa yo sipò finasyèl.
- Bay viktим vyolans domestik oubyen organizasyon sa yo manje.
- Bay cado, rad, mèble, dra, zorye, computè etc pou you bay victim yo.

- Si ou gen yon agens oubyen yon biznis, bay organizasyon ki ede famm yon biwo kote yo kapab rankontre ak viktim, ran yo sevis nan pwofesyon ke ou konnin an.
- Se pou ran sevis gratis lan shèltè, repon telefon, ede yo fè fundraiser, ede yo antrene famm pou yo siviv vyolans domestik.
- Ran sevis lan organizasyon sa yo, ede yo tradwi dokiman yo lan lang Kreyol, ede yo edike kominate Ayisyen an sou sije vyolans domestik la.
- Ekri let bay Family Kòt, Bay govenor, bay Magista New York, epi mande yo pou yo dedike lajan pou sevi fanm Ayisyen kap sibi e kap mouri amba abi.
- Ekri lèt bay Dwa Fanm, oubyen lòt organizasyon kap travay lan kominate a pou remesyé yo pou sevis yo ran fanm ki viktim vyolans domestik ak fanm ki sove sot amba vyolans domestik.

Ki Dwa tout Fanm

Sa yo, se dokiman Dwa Fanm. P.O. Box 23505. Bklyn, NY 11202. 718-230-4027. F : 718-230-3194.

Sekirite nou

1. Nou gen dwa pou nou gen sekirite e viv san vyolans nan vi nou.
2. Nou gen dwa pwoteje tèt nou, olye nou sakrifye tèt nou.
3. Nou gen dwa viv san kè sote
4. Nou gen dwa mande respè e jwen respè

Chak jou lan vi nou

5. Nou gen dwa pran kontwòl vi nou e chwazi sa nap fè nan tout aspè vi nou.
6. Nou gen dwa fè bon chanjememan lan vi nou.
7. Nou gen dwa fè prop desizyon pa nou.
8. Nou gen dwa jwen bon tretman

Lan vi sosyal

9. Nou gen dwa defan tèt nou kont Arassman ni lan travay, ni lan lari
10. Nou gen dwa pa repon yon gason le li pale ak nou lan lari, san nou pa santi menas ke l'ap insulte, jouré, imilye, atake, oubyen fè nou mal lan lari a.
11. Nou gen dwa aksepte oubyen pa aksepte kompliman yon gason banou
12. Nou gen dwa refize leve kanpe danse si mizik kap jwe a ap derespekte fanm.
13. Nou gen dwa pa aksepte moun itilize mo fanm nan kom jouman kont nou

Ak inteligans nou

14. Nou gen dwa exprime tèt nou
15. Nou gen dwa pou nou itilize inteligans nou, reflechi e panse sou sijè ki impòtan pou nou

Lan vi seksyèl

16. Nou gen dwa pou di wi si nou vle, oubyen non si nou pa vle fè lanmou
17. Nou gen dwa si nou pokò pare pou nou fè pitit pou mari nou rete tan nou jiskaske nou pare.
18. Nou gen dwa pou nou pa pè pwotege tèt nou kont virus ki gen deyo a e mande patnè nou itilize prekosyon ak pwoteksyon le nap fè lanmou.

Ak pitit nou

19. Nou gen dwa pwoteje pitit nou kont vvolans fizik ak vvolans seksyèl ak lot kalite vvolans moun ap fè pitit nou deyo a oubyen andan kay la.
20. Nou gen dwa patisipe egalman lan fè edikasyon e lan fè discipline pitit nou.

Finalman nou gen dwa pou nou menm kom fanm respekte dwa fanm, e nou gen dwa mande pou tout moun respekte dwa imen nou genyen.

Efe Vylans domestik sou Timoun

An general, min kijan timoun kon reaji le gen vylans andan kay la

1. Yo kon santi se fot yo k fe papa yo ap bat manman yo, se yon bagay yo fe k mal oubyen se move timoun yo ye k fe papa ap aji konsa. Pake developman yo pa sofistike kankou nou yo paka separe le se yo k pa bon oubyen si se paran k pa bon.
2. Anxyete tout tan- Minm le pa gen pwoblem lan kay la, tout moun kalm jou sa, anxyete a toujou la. Se paske timoun nan vin tmatize. Li pa konnin ki le yon kont ka pete, epi yon moun pran kou li menm oswa manman'l.
3. Konfuzion- Yo kon santi yo rayi moun nan kap fe manman yo mal tout tan, epi an menm tan tou, si se papa yo moun nan ye yo gen santiman rinmin'l tou. Yo kon santi yo egri kont ni manman ni papa. Yo egri kont manman paske yo we li kankou'l pap pwotege tet li pap pwotege yo minm kom timoun. An menm tan yo kon santi se yo k pou pwoteje manman yo, min yo pagen ase fos pou pwoteje l. Tout santiman sa yo vin koz konfizyon.
4. Chagren/Tristes- Timoun sa toujou chagren oubyen l tris, minmsi w we yo paret tre byen.
5. Yo kon peu kite manna yo poukont li. Timoun nan le papa paran'l separe akoz youn tap maltrete lot, espesyalman si te genyen ampil vylans, yo kon pe kite paran k rete a poukont li, yo peu pou yo pa pedi'l, pou'l pa mouri, pou'l pa kite yo deye.
6. Yo kon peu pou yon bagay pa rive yo—Especialman paske ampil timoun le papa bat manman yo, yo bat timoun nan tou. Yo kon peu le yo fin kite kay la, papa pap jwen yo lan lari epi kidnape yo. Yo kapab konpran papa yo fache ak yo paske yo soti lan kay la ak manaman yo.
7. Yo toujou kole sou ou- Yo vin pa santi yo an sekirite, se sak fe yo toujou voye timoun sa yo lan terapy. Yo toujou bezwen tout atensyon w sou yo, minmsi se dezod yo fe, se pou yo gen atensyon w sou yo, minsi se yon rel w ap fe sou yo. Se pa yon bezwen ki rasyonel min se pa fot yo. Yo tmatize. Se asire yo bezwen w asire yo ke yo an sekirite epi w ap pwoteje yo.
8. Izole tet yo- Se yon lot ki opozit kole sou ou. Yo kon toujou bezwen ret pokont yo. Pa pale ave w. Yo vin pa minm gen zanmi anko. Yo pa vle al visite matant, mononk, granme paske yo ront, yo pa vle tande moun ap pale pwoblem nan la kay granme a.

9. Yo kon santi yo ront. Yo kon ront fanmi yo, yo ront papa yo paske yo konnин vyolans domestik se yon move bagay, epi yo ront manman yo tou paske se yon viktим li ye.
10. Yo kon pa vle al lekol. Minmsi w voye yo lekol, yo pa ale. Yo kon peu kite w poukонт ou paske yo pa vle yon bagay rive w. Gen de fwa tou se manman ki pa vle timoun nan kite kay la paske yo pa vle yon bagay rive' l.
11. Inkietid- Timoun yo kon inkye, yo pakab predi kisa k pral rive. Yo santi yo pa gen kontwol sou sekirite yo epi sou vi yo.

Timoun ki konstate papa yo ap bat manman yo gen ampil stress. Stress la kon koz timoun yo kon gen ulcer, tet fe mal, asthma (esoufle oubyen pwoblem ak poumon yo). Vant fe mal, pwoblem digere manje, kon fe tet yo mal (explain).

Yo kon pa manje oubyen manje twop.

Yo kon gen Anxyete, depresyon, konfusyon, oubyen, santi yo koupab min yo pa kon pou kisa yo koupab.

Anxyete a kon manifeste lan manje zong, rale cheveu yo lan tet yo, toujou peu, pa ka domi lan nuit, pa vle separe de manman yo, yo kon rete yap fixe yon bagay expression yo vid. Se chape yo chape psychologikman.

Yo kon toujou ap goumen, paske yo vin apran bat yon moun se konsa pou fe pou kontwole kompotman yon lot. Yo kon minm bay manman yo kou. Ti fre ti se kou.

Ti moun ki we papa yo ap abize manman yo vin gen low self esteem, yo pa rinmin tet yo, pa sur de tet yo, pa gen pesonalite.

40% Timoun lan foster care New York se timoun ki te gen vyolans domestik lakay yo.

50-70% moun ki bat patne yo, abize pitit yo tou fizikman oswa seksyelman

50% fanm homeless ak timoun se paske yo sove kite yon kay kote yo tap bat yo.

Ti moun ki grandi lan kay kote papa yo ap bat manman yo, pi siseptib pou yo grandi ap bat madanm yo.

80% gason k lan prizon te grandi lan yon kay kote te gen vyolans.